

Kisa ki pwogram nasyonal manje midi lekòl la?

Pwogram Nasyonal Manje midi Lekòl la se yon pwogram manje ki jwenn asistans federal k ap fonksyone nan lekòl piblik ak nan lekòl prive san bi likratif ak nan enstitisyon gadri rezidansyèl yo. Li bay timoun yo manje midi ekilibre sou plan nitrisyonèl, a pri ki ba oswa gratis pou chak jou lekòl.

Pwogram nan enkòpore tou règleman sou byennèt ak Smart Snacks pou ankouraje bon abitud manje ak aktivite fizik nan lekòl la.

Benefis Pwogram lan

Pwogram Nasyonal Manje Midi Lekòl:

- Amelyore pèfòmans akademik ak konpòtman lè li asire elèv yo resevwa nitrisyon yo bezwen pou yo rete konsantre; epi
- Amelyore konsomasyon nitrisyonèl elèv yo nan fwi, legim ak grenn antye.

Ki wòl nou jwe?

FDACS administre Pwogram Nasyonal Manje midi Lekòl nan nivo eta a. Nou bay konsèy, fòmasyon, kontak ak sipò teknik nan lekòl ki opere pwogram nan, epi nou asire konfòmite ak direktiv regilasyon.

Kondisyon pou Sipòtè yo

Pou vin yon sipòtè Pwogram Nasyonal Manje Lekol, lekòl yo dwe ranpli pwosesis aplikasyon an atravè FDACS.

Yon fwa yo apwouve yo, FDACS pral ranbouse lekòl yo pou chak manje midi ak manje maten yo sèvi, depi yo respekte règleman eta ak federal yo.

Lekòl yo dwe:

- Ale nan yon fòmasyon Pwogram Nitrisyon Timoun.
- Kenbe dokimantasyon ak verifikasyon kategori kalifikasyon timoun yo epi konte repa pa kategori kalifikasyon (gratis, pri redui ak repa peye).
- Kenbe dosye pwodiksyon repa ak dosye envantè ki dokimante kantite ak kalite manje yo sèvi.
- Kenbe dosye sou revizyon responsablite sou plas.
- Kenbe dosye sou tout revni ak depans pwogram yo.
- FDACS pral fè revizyon peryodik pwogram manje midi ak manje maten lekòl yo pou asire ke moun ki ap sipòtè pwogram yo satisfè tout kondisyon yo.

Rezime Revizyon Administratif Manje Lekòl la

Revizyon Administratif Manje Lekòl la (SMAR) se yon evalyasyon konplè sou pwogram manje lekòl nan lekòl k ap patisipe nan pwogram Nasyonal Manje midi ak Dejene Lekòl. Yon SMAR obligatwa chak twazan. Se sèlman revizyon ki fèt pandan ane lekòl aktyèl la ki enkli nan Rezime SMAR yo.